

Nimewo 7

DEKRÈ EGZEKITIF

YON PWOKIRÈ ESPESYAL POU ENVESTIGE AK, SI LI JISTIFYE, POU SWIV KESYON KI SOULVE NAN, OSWA KI GEN RAPÒ AK DEKRÈ EGZWKITIF 147.41 AN

LÈ NOU KONSIDERE, Konstitisyon Eta New York la oblije Gouvènè a pou l asire yo egzekite lwa New York yo fidèlman; epi

LÈ NOU KONSIDERE, Mwen prete sèman solanèlman, konfòmeman a Atik 13, Seksyon 1 nan Konstitisyon an, pou m sipòte Konstitisyon an epi egzèse fonksyon biwo Gouvènè a fidèlman; epi

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 22 desanm 2020, sou Thruway Eta New York, Interstate 87, nan Konte Ulster, gen yon kolizyon machin ki te fèt ant Kavalye Polis Eta New York Christopher Baldner ak yon lòt moun ki te lakòz lanmò Monica Goods ("ensidan Goods la"); epi

LÈ NOU KONSIDERE, dapre Dekrè Egzekitif 147 ak 147.41, yo te deziyen Pwokirè Jeneral la kòm pwokirè espesyal pou envestige sou sikonstans Ensidan Goods la, epi, si li jistifye, pou li pouswiv nenpòt ofisye fòs delòd ki enplike; epi

LÈ NOU KONSIDERE, Pwokirè Jeneral la te aprann, pandan envestigasyon sou Ensidan Goods la, ke Kavalye Baldner te angaje li nan konpòtman similè anvan pandan de okazyon ki te lakoz de kolizyon otomobil anvan; epi

LÈ NOU KONSIDERE, Pwokirè Jeneral la pral plase Ensidan Goods la devan yon Gran Jiri nan Konte Ulster epi mande gran jiri a dwe konsidere nenpòt ak tout akizasyon ki apwopriye kont Kavalye Baldner; epi

LÈ NOU KONSIDERE, kòm yon pati nan prezantasyon gran jiri nan Ensidan Goods la, Pwokirè Jeneral la pral rele de moun ki te enplike nan de ensidan anvan yo ak Kavalye Baldner kòm yon pati nan prèv an chèf; epi

LÈ NOU KONSIDERE, Pwokirè Jeneral la ap chèche otorite pou mande gran jiri a pou konsidere chaje Kavalye Baldner ak akizasyon kriminel apwopriye konsènan de ensidan anvan yo, epi si gran jiri a vote pou chaje Kavalye Baldner, otorite pral pouswiv akizasyon sa yo anplis de chaj ki gen rapò ak Ensidan Goods la, epi

LÈ NOU KONSIDERE, li enpòtan pou asire ke okenn manm Polis Eta New York pa vyole okenn lwa nan Eta New York; ak nan enterè ekonomi jidisyè epi

LÈ NOU KONSIDERE, sa ki anvan oblije konkli ke nan ka sa a, pou asire plen konfyans nan sistèm jistis kriminel nou an ak san objeksyon Avoka Distrik Konte Ulster a, yo ta dwe nonmen yon pwokirè espesyal ki gen otorite li ta dwe ranplase nan tout fason otorite a ak jiridiksyon Pwokirè Distri Konte Ulster a pou jere, entèprete, pouswiv oswa mennen ankèt sou zafè yo espesifye yo,

KOUNYE A, KIDONK, MWEN, KATHLEEN HOCHUL, Gouvènè Eta New York la, konfòmeman ak otorite Konstitisyon an ak lwa Eta New York yo te konfyè mwen, epi an patikilye 2èm sòdivizyon seksyon 63 Lwa Egzekitif la, avèk dokiman sa a mwen bay Pwokirè Jeneral la (ki refere isit la ak aprè kòm "pwokirè espesyal la") lòd pou envestige, epi si li jistifye, pouswiv nenpòt ak tout zak ilegal oswa omisyon oswa zak yo prezime ilegal yo oswa omisyon, ki enkli fè fo deklarasyon ki gen ladan fo temwanyaj nenpòt moun te fè ki souleve nan, ki gen rapò ak, oswa ak:

- 26 JANVYE 2017, KOLISYON VEYIKIL KI ENPLIKE KAVALYE ETA NEW YORK CHRISTOPHER BALDNER, KI T AP OPERE YON VEYIKIL KI MAKE KAVALYE, AK YON SIVIL KI T AP OPERE YON VEYIKIL SIVIL, SOU THRUWAY ETA NEW YORK LA, INTERSTATE 87, KONTE ULSTER, NEW YORK, epi
- 6 SEPTANM 2019, KOLISYON VEYIKIL KI ENPLIKE KAVALYE ETA NEW YORK CHRISTOPHER BALDNER, KI T AP OPERE YON VEYIKIL KI MAKE KAVALYE, AK YON SIVIL KI T AP OPERE YON VEYIKIL SIVIL AK DE MOUN ANNDAN LI, SOU THRUWAY ETA NEW YORK LA, INTERSTATE 87, KONTE ULSTER, NEW YORK, epi

Anout, pwokirè espesyal la ap gen otorite ak responsabilite ki espesifye nan 2èm ak 8èm soubdivizyon nan seksyon 63 Lwa Egzekitif la pou bi Dekrè sa a, epi li pral posede ak egzèsè tout otorite pou pouswit ki nesèsè pou ankete, epi si li jistifye, pouswiv nenpòt moun ki gen rapò ak ensidan yo espesifye yo, epi jiridiksyon pwokirè espesyal la dwe deplase ak ranplase jiridiksyon Pwokirè Distri Konte Ulster a, ki pral sèlman gen pouvwa ak devwa ke pwokirè espesyal la deziyen li, jan sa espesifye nan sibdivizyon 2 nan seksyon 63 nan Lwa Egzekitif la; epi

Anout, pou nenpòt pwoblèm ki kouvri nan dokiman sa a, pwokirè espesyal la pral otorize (i) pou patisipe nan yon tèm oswa plizyè tèm nan Tribinal Konte a oswa Tribinal Siprèm ki gen pou fèt nan ak pou Konte Ulster a (ii) konparèt anpèsan devan nenpòt gran jiri ki etabli pou nenpòt tèm (yo) nan tribinal sa a, nan bi pou fè nenpòt ak tout pwosè, egzaminasyon, ak ankèt, ak (iii) angaje nenpòt ak tout aksyon kriminel ak pwosedi ki ka te fè oswa pran devan gran jiri sa a ak lòt gwo jiri konsènan oswa ki gen rapò ak nenpòt ak tout prezime zak ilegal jan sa dekri nan Dekrè a.

Dekrè Egzekitif sa pral kontinye jiskaske Gouvènè a modifye l, sispann oswa tèmine l.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany nan ventyèm jou mwa oktòb nan ane de mil venteyen.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a